

Lis Dokiman Pou Enskripsyon Nan Lekòl Piblik Lynn

Sant pou Enfòmasyon Paran
100 Bennett Street, Lynn, MA 01905
Telephone (781) 592-8796
Fax (781) 598-3160
TTY (339) 883-1420



Tout fanmi-y ki ap enskri yon nouvo elèv nan Lekòl Piblik nan Lynn dwe pote dokiman nesèsè sa yo nan Sant Enfòmasyon Paran paske sa fè pati enskripsyon-an. Nou **paka** fè enskripsyon-an san dokiman sila yo.

TOUT dokiman sila yo:

- Ak de nesans elèv la, ou fòm **I-94**
- Dosye **vaksinasyon** a jou ak estati TB timoun nan
- **Valab foto idantifikasyon** paran/gadyen-an

Paspò ameriken, US kat paspò, US idantifikasyon militè yo, yon Kat Rezidan Pèmanan, kat travèse fwontyè, lisans chofè oswa lòt eta kat idantite ak foto ki soti nan depatman an nan motè machin, Etranje gouvènman bay paspò, kat otorizasyon travay, oswa Kat Idantifikasyon konsilè.

-Nenpòt ID ki pa nan lis sipoze revize epi otorize.

YOUN (1) nan sa yo:

Dokiman ki montre adrès dwe gen sou yo non ak adrès kounye-a paran/gadyen elèv la ki tape sou dokiman yo. Chak pwen montre yon dokiman diferan e ou bezwen twa diferan pami yo.

- Yon bil (Pa telefòn mobil) ki pa gen plis ke 60 jou
- Yon papyè kay **ou yon resi lajan ou peye mògej** ki pa gen plis ke 60 jou, ou
- yon **resi taks pou kay** ki pa gen plis ke yon ane
- Yon resi lwaye kounye-a (1 ane minimòm tèm), kontra seksyon 8, ou afidavi rezidans
- Yon fòm **W2** ki pa gen plis ke yon ane, ou yon **kopi chèk travay** ou ki pa gen plis ke 60 jou
- Yon **deklarasyon labank oswa kat kredi gwo** ki pa gen plis ke 60 jou,
- Yon lèt de yon **ajans gouvènman legal*** ki pa gen plis ke 60 jou

***AJANS GOUVÈNMAN LEGAL:** Depatman sila yo: Asistans Tranzitwa, Revni (DOR), Sèvis pou Timoun ak Fanmi (DCF), Asistans Tanporè (DTA), Sèvis pou Jèn (DYS), Sekirite Sosyal, ak tout kominikasyon sou papyè ak antèt Commonwealth Massachusetts.

Avan nou ka enskri oken elèv nan yon Lekòl Piblik nan Lynn, paran/gadyen elèv la dwe prouve ke adrès nòmal legal li se nan vil Lynn, a travè lis dokiman anlè yo ki montre kote-w abite. Dokiman sila yo avèk yon pyès idantite ak foto obligatwa tou pou tout chanjman adrès. Kondisyon sila yo pa pou elèv ki san zabri.

Prè Responsab legal bezwen dokimantasyon adisyonèl ki soti nan tribinal ou ajans legal.

Mansonj konènan kote ou abite se yon vyolasyon lalwa Massachusetts e yo ka fè-w peye amann pou chak jou yon elèv pase nan yon lekòl ki pa nan distri kote li vrèman abite-a.

Nou pral mande-w nòt ofisèl ansyen lekòl elèv la, tankou rapòs prezans ak disiplin, tout nesèsè avan nou ka enskri yon nouvo elèv.